Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 22 (7318)
21 Май 2018 сон
Итни
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## В. Васильевасул Грозныялда ккараб ишалда хурхун лъазаби



Ниж кутакалда пашман гьаруна гьал къоязда вацлъиялъулаб Чачан Республикаялда ккараб балагьаб ишалъ. Грозныялда бугеб Архангель Михаиласул храмалъул территориялда чIвана кIиго полициялъулав, цо нухда унев, руго лъукъаралги. Киназего хирияб Рамазан моцIалъ гьеб нахъегIанаб такъсир гьабизе кIварал гIадамазул гьечIо хIакъикъияб божи, дин, гIагаразде рахIму.

Данде жавабалъе нилъ дагъалги гъункизе ккола, кинабго рахъалъ цIунизе ккола нилъ рокьуларездаса Северияб Кавказ, гьелъул халкъ, щула гьабизе ккола гьезда гьоркьоб гьудуллъи.

ТIолалго дагъистаниязул цIаралдасан ракI-ракIалъ зигара бала Чачан республикаялъул БетIер Р. Кадыровасда, чIваразул гIагаборазда, гьарула лъукъаразе хехаб сахлъи!

Комиссиялъул заседание

## Балагьал ишал ккунгутIиялъе



Араб анкьалда райадминистрациялда букIана районалъул территориялда ихxаздаса цIуниялъул техническиял оборудованиялъул бугеб хIалалъул рахьалъ комиссиялъул заседание. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, бетIерасул зам. М. ХIамзатов, «Служба ЖКХ» МКУялъул ведущий специалист М. ГIалихIажиев, РДялда бугеб Россиялъул МЧСалъул ГУялъул начальникасул зам. Ш. ГIалиев, РДялъул Буголъиялъул учреждениязул ва госпредприятиязул управлениялъул отдела-лъул консультант К. Забретдинов, РДялъул Минприродаялъул лъел объектал цIуниялъул ва гьездасан пайда босиялъул Управлениялъул отделалъул консультант ГI. ГIалиев, ГКУ РД МЕНПОялъул «Дагестан берегозащитаялъул» проектировкаялъул отделалъул нач. А. Бекбулатов, РДялда бугеб Кавказалъул Ростехнадзоралъул управлениялъул гидротехническиял сооружениязул рахьалъ кIудияв пачалихъияв инспектор ХI. ХIайбулаев, РДялъул МЧСалъул «Центр ГО и ЧС» ГКУялъул нухмалъулесул зам. Д. Денгаев, РусГидро ПАОялъул «Ирганайская» филиалалъул ОГалъул техническияв руководитель М. МухIамадов, «ЧиркейГЭСстрой» АО ОКСалъул вед. инженер И. ТIагьиров ва цогидалги.

Жиндирго кIалъаялда Ш. ГIалиевас бихьизабуна: «ХIинкъи буго балагьал ишал ккеялъул, цIакъ кIвар бугеб хIинкъи буго гьеб, жеги гьабун рагIалде бахъинчIеб объект букIиналъ. Гьелъие аслияб гIилла буго чвахиял рачIунеб заманалда жиндирго функция гьелъ тIуразарулел гьечIолъи. Селезащитниял рахьал рацIцIад гьариялде къокъаб заманалда кIвар буссинабизе ккола»,-ян тIадчIей гьабуна гьес.

Гьединго заседаниялда кIалъана ГI. НурмухIамадов, М. ГIабдулвагьабов, М. ГIалихIажиев, Д. Денгаев ва цогидалги.

Заседаниялъул хIасилал гьарулаго РДялъул Правительствалде гIарцудалъун кумек гьабиялъе гьаригун хъвазе ва «Рихьуни ГЭСалъул» хIорил цIуниялъулаб полосаялда хIалтIи гьабиялъе тадбирал гьаризеги бихьизабуна.

## Баркула баракатаб моцI!



Районалъул администрациялъул, депутатазул Собраниялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула унеб бугеб Рамазан моцI!

Исламалда жаниб бищунго хIурматияб ва хирияб моцI буго гьеб. ТIубараб моцIалъго тIадчIун гьарула бусурбабаз диниял тIадал жал, кумекал, садакъаби кьола гьелде ккаразе. Гьеб ккола Аллагь тIаса лъугьиналъул ва Гьесул гурхIел-рахIму щвеялъул моцI.

КIал ккеялъ рачуна ракI гIодобе биччаялде, цоцалъ гьуинлъи щулалъиялде, гурхIелалде. Хьул гьабизе бокьун буго Рамазан киналго цоцада ричIчIарал, хадубккунги лъикIлъиялде рачунеблъун букIинилан.

Божарав вуго нилъер бусурбабазги нилъее кьурал ресаздаса бажарун пайда босилин. Гьелъул тIадегIанлъиялъ нилъер мунагьал чурилин, биччанте гьелъ хадубккунги нилъее гIодобе биччай, рекIел ахIвал-хIал лъикIлъи бачIине.

Биччай кIалккун моцIалъ щибаб хъизамалъе бачIине рохел, сахлъи, рекъел, ахIвал-хIал лъикIлъи! РакI-ракIалъ гьарула, нужее, сахлъи, сабру, талихI, баракат, ишалъулъ битIккей!

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер**

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**

# Поздравление



Уважаемый Артём Алексеевич!

От имени Администрации района, депутатов районного Собрания и от себя лично примите самые искренние поздравления с днём рождения! Вся Ваша деятельность на столь высоком и значимом посту направлена на развитие Дагестана, на повышение ее социального и экономического статуса. Ваша компетентность, профессионализм и ответственность при принятии важных решений способствуют реализации и развитию мощнейшего потенциала республики и её столицы - Махачкала. Пусть все Ваши усилия, направленные на развитие на шей республики, подъём её экономики и культуры, получают должное понимание и поддержку. Пусть и в дальнейшем Ваша работа будет направлена на позитивное развитие Дагестана, укрепление стабильности в регионе, повышение качества жизни населения. Новых Вам успехов и побед, яркой плодотворной деятельности на благо жителей Республики Дагестан и всей России!

Желаю Вам крепкого здоровья, личного счастья, неисчерпаемой энергии и успеха в Вашей дальнейшей работе во имя процветания Дагестана!

**С уважением глава МО «Унцукульский район» Иса Магомедович Нурмагомедов**

# РЕШЕНИЕ

## О принятии проекта решения Собрания депутатов о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» Республики Дагестан (муниципальный район)

Принято Собранием депутатов 17 мая 2018 года № 62

1. Принять проект решения Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» Республики Дагестан (муниципальный район) (далее – проект решения) (приложение №1).

2. Опубликовать проект решения в районной газете «Садовод» в срок до 21мая 2018 года.

3. Провести заседание Собрания депутатов 20 июня 2018 года по вопросу принятия решения Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» Республики Дагестан (муниципальный район).

4. Настоящее решение подлежит опубликованию с проектом решения в районной газете «Садовод».

**Глава муниципального района**
**И. Нурмагомедов**

*Приложение № 1*
*к решению Собрания депутатов*
*муниципального образования*
*«Унцукульский район»*
*от «17» мая 2018 г. № 62*

**Решение**
**Собрания депутатов о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район»**

С целью приведения Устава муниципального образования «Унцукулький район» в соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» (в редакции Федерального закона от 05.12.2017 № 380-ФЗ, от 05.12.2017 № 389-ФЗ, от 05.12.2017 № 392-ФЗ, от 29.12.2017 № 455-ФЗ, от 05.02.2018 № 15-ФЗ, от 18.04.2018 № 83-ФЗ) и законами Республики Дагестан, Собрание депутатов муниципального образования «Унцукульский район»

**РЕШИЛО:**

I. Внести следующие изменения и дополнения в Устав муниципального образования «Унцукульский район»:

1. Часть 1 статьи 1 изложить в следующей редакции:

«1. Муниципальное образование «Унцукульский район» Республики Дагестан наделено статусом муниципального района (далее – муниципальный район) Законом Республики Дагестан от 13.01.2005г. №6 «О статусе муниципальных образований Республики Дагестан.»;

2. В пункте 29 части 1 статьи 6 после слов «и добровольчеству» дополнить словом «(волонтерству)»;

**3. Пункт 11 части 1 статьи 7 изложить в следующей редакции:**

«11) создание условий для организации проведения независимой оценки качества условий оказания услуг организациями в порядке и на условиях, которые установлены федеральными законами, а также применение результатов независимой оценки качества условий оказания услуг организациями при оценке деятельности руководителей подведомственных организаций и осуществление контроля за принятием мер по устранению недостатков, выявленных по результатам независимой оценки качества условий оказания услуг организациями, в соответствии с федеральными законами.»;

**4. Статью 15 изложить в новой редакции:**

«Статья 15. Публичные слушания, общественные обсуждения.

1. Для обсуждения проектов муниципальных правовых актов по вопросам местного значения с участием жителей муниципального района Собранием депутатов, главой муниципального района могут проводиться публичные слушания.

2. Публичные слушания проводятся по инициативе населения, Собрания депутатов или главы муниципального района.

Публичные слушания, проводимые по инициативе населения или Собрания депутатов, назначаются Собранием депутатов, а по инициативе главы муниципального района - главой муниципального района.

3. На публичные слушания должны выноситься:

1) проект устава муниципального района, а также проект муниципального нормативного правового акта о внесении изменений и дополнений в данный устав, кроме случаев, когда в устав муниципального района вносятся изменения в форме точного воспроизведения положений Конституции Российской Федерации, федеральных законов, Конституции Республики Дагестан или законов Республики Дагестан в целях приведения данного устава в соответствие с этими нормативными правовыми актами;

2) проект местного бюджета и отчет о его исполнении;

3) проект стратегии социально-экономического развития муниципального района;

4) вопросы о преобразовании муниципального района, за исключением случаев, если в соответствии со статьей 13 Федерального закона от 06.10.2003 №131-ФЗ для преобразования муниципального района требуется получение согласия населения муниципального района, выраженного путем голосования либо на сходах граждан.

4. Порядок организации и проведения публичных слушаний по проектам и вопросам, указанным в части 3 настоящей статьи, определяется уставом муниципального района и нормативными правовыми актами Собрания депутатов и должен предусматривать заблаговременное оповещение жителей муниципального района о времени и месте проведения публичных слушаний, заблаговременное ознакомление с проектом муниципального правового акта, другие меры, обеспечивающие участие в публичных слушаниях жителей муниципального района, опубликование (обнародование) результатов публичных слушаний, включая мотивированное обоснование принятых решений.

5.Попроектамгенеральныхпланов,проектамправил землепользования и застройки, проектам планировки территории, проектам межевания территории, проектам правил благоустройства территорий, проектам, предусматривающим внесение изменений в один из указанных утвержденных документов, проектам решений о предоставлении разрешения на условно разрешенный вид использования земельного участка или объекта капитального строительства, проектам решений о предоставлении разрешения на отклонение от предельных параметров разрешенного строительства, реконструкции объектов капитального строительства, вопросам изменения одного вида разрешенного использования земельных участков и объектов капитального строительства на другой вид такого использования при отсутствии утвержденных правил землепользования и застройки проводятся общественные обсуждения или публичные слушания, порядок организации и проведения которых определяется нормативным правовым актом Собрания депутатов с учетом положений законодательства о градостроительной деятельности.

6. Заключение по результатам публичных слушаний подлежит опубликованию (обнародованию).»;

**5.Статья 27 дополнить новой частью и изложить в следующей редакции:**

«13. Полномочия депутата Собрания депутатов муниципального района, начинаются соответственно со дня вступления в должность главы поселения, входящего в состав муниципального района, или со дня избрания депутата представительного органа данного поселения депутатом Собрания депутатов муниципального района, в состав которого входит данное поселение, и прекращаются соответственно со дня вступления в должность вновь избранного главы поселения или со дня вступления в силу решения об очередном избрании в состав Собрания депутатов муниципального района депутата от данного поселения.»;

**6. Статью 31 дополнить частью 7 следующего содержания:**

«В случае, если глава муниципального района, полномочия которого прекращены досрочно на основании правового акта Главы Республики Дагестан об отрешении от должности главы муниципального района либо на основании решения Собрания депутатов муниципального района об удалении главы муниципального района в отставку, обжалует данные правовой акт или решение в судебном порядке, Собрание депутатов муниципального района не вправе принимать решение об избрании главы муниципального района, избираемого Собранием депутатов муниципального района из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса, до вступления решения суда в законную силу.»;

**7. Статью 37 дополнить частью 4 следующего содержания:**

«4. Собрание депутатов муниципального района обязано назначить половину от общего числа членов избирательной комиссии муниципального района на основе поступивших предложений:

а) политических партий, выдвинувших федеральные списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в Государственной Думе Федерального Собрания Российской Федерации;

б) политических партий, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в Народном Собрании Республики Дагестан;

в) избирательных объединений, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в Собрании депутатов муниципального района»;

**8.Часть 5 статьи 44 изложить в следующей редакции:**

«5. Официальным опубликованием муниципального правового акта или соглашения, заключенного между органами местного самоуправления, считается первая публикация его полного текста в периодическом печатном издании районной газеты «Садовод» муниципального бюджетного учреждения «Единая информационная служба».

**9. Статью 56 исключить;**

II. Представить на государственную регистрацию в Управление Министерства Юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан настоящее решение.

III. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования (обнародования) после его государственной регистрации.

**Председатель Собрания К. Асадулаев**
**Глава района И. Нурмагомедов**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 22 (7318)*
*Итни*
*21 Май 2018 сон*

3 гьумер

**РагIуе эркенлъи кида букIараб,
Кидаго хьолин оц мискинчиясул.
КочIой рагьун кIалъай лъица биччараб,
Лъолин туснахъалда ритIухъаб пикру.**

**Халкъалъе цIар рагьун, цIогьор кье дуца,
Дуда маххал разе рахъина чIухIби.
Бидулав ханасде бер букIкIе дуца,
Дур нуцIаги кIутIун, кIалъала гIажал.**

## ГIолохъанлъи

Дин ва гIумро: гIолеб гIелалда лъан букIине

# ХIаким - халкъалъул хъулухъчи

(Бищун кIвар бугеб- ритIухълъи)



Хирияв МухIамад аварагасул (с. т. гI. в.) хIадисалда буго нужер щивав жавабиявлъун вугин ва щивас жаваб кьезе кколин жиндир бербалагьиялда ругезул. Гьаб дунялалъул рукъоб кинабго нилъее Аллагьас хIалбихьиялъе кьураб буго: бечелъи, мискинлъи, унта-щокълъи. Хасаб хIалбихьилъун буго чиясул иманалъул щулалъи хал гьабулеб, гьебги буго хIакимлъи, тIадчилъи.

ХIакимлъи, жавабияб хъулухъ буго цIакъ захIматаб, хIинкъи цIикIкIараб. Щайгурелъул, хIакимлъуда, хъулухъалда вугев чиясул ихтиярал цIикIкIарал рукIуна, гьесул ресги букIуна гIемерал масъалаби тIуразе. Цогидазухъа бажаруlареб чIахIиял ишазда кверщелги букIуна. Гьелдаго рекъон, Къиямасеб къоялъ Аллагьасда цебе жавабчилъиги гIемерго цIикIкIараб букIуна. Чиясда жиндаго бараб букIуна кIудияб кири Аллагьасул рахъалъан щвей ва гьединго Аллагьасул ццим бахъинаби. Масала, жиндир ихтияр батун цоясе рес бугони халкъалъул гIумро бигьа гьабизе, ай лъим бахъун, газ бачун, нух къачIан, кьо бан, больницаялда регаразе бигьалаби гьарун, дараби, техника чIезабун, рес гьечIел гIадамазе хIукуматалъ бихьизабураб гIарац гьелде хIажатазухъе щвезабун лъикIал гIамалал гьаризе, ялъуни гьеб гIарац жиндиегоги тун, кагътида харж гьабуниланги хъвазе. Гьев хIаким сабаблъун халкъалъул мурадал тIуран пайда жамагIаталъе бугебгIан заманалъ гьесие кири хъвалеб букIуна, хIатта гьев хун хадубги тIаде бачIунеб цIикIкIуна. Гьединго ресги букIун гьабичIого таралъухъ, чвантиниб чияр мал лъуралъухъ, ялъуни цо захIмалъи халкъалда чIезабурабгIан заманалда щибаб лахIзат рикIкIун мунагьалги хъвалел рукIуна, Къиямасеб къоялъ кьезе бугеб жавабчилъиги цIикIкIуна.

### Кинав вукIине кколев хъулухъчи?

Цо-цо чагIи хъулухъ щведал кинабгоги кIочон тун, хъачIлъун лъугьуна, цогидал рихьуларо, халкъалъул ишал кIочон жиндирго яшав роцIинабизе лъугьуна, ришватал росун халкъалъул магIишаталде, ракьазде кверал регьула. Амма кигIан гIадамал махсароде ккун, хIукуматалъул низам хвезабун диваналдаса рорчIани ги, Къиямасеб къоялъул хIисаб-суалалдаса рорчIизе рес гьечIолъи кIочон тезе бегьуларо. Гьеб къоялъ щибго гьоркьоб течIого киналъулго хIисаб гьабула ва кигIан гьитIинабги такъсиралъухъ, гIазабги, лъикIлъиялъухъ ажруги букIуна. Аллагьасдаса щибго бахчун бажаруларо, Гьесда кинабго лъала ва бихьула. ХIаким, раис кигIан гьитIинаб ишалда вугевги вукIине ккола жиндир жавабчилъиялда ругезе кумек гьабулевлъун. Гъоркь ругезе буюрухъал кьей гуребги жиндилъ гIаданлъи, чилъи бугевлъун, жиндихъ бугеб ихтияр зулмуялъе хIалтIизабичIого ритIухъав цевехъанлъунги, мугIалимлъунги, гIадамазулгун хIал рекъезабизе лъалевлъунги, халкъалъул ихтиярал цIунулевлъунги, гурхIел бугевлъунги вукIине ккола. Исламалъ нилъеда малъула хIайваналдагицин гурхIел-рахIму бугевлъун рукIаян ва гьединго бицун бугелъул гурхIел гьечIезда Аллагьги гурхIуларин.

### ГIадамазда кин кIалъалев?

Нухмалъиялда ругезе захIматаб суал букIуна жиндирго къадру-къимат гъоркь ругезда цебе хвелебин хIинкъиялъул. ГIадамазул адабги цIунун, жиндирго къадруги хвезабичIого хьвадизе кIвей кIудияб махщел буго, киназухъго гуро гьеб бажарулеб. Гьоркьохъеб нух батизе цоязе квал-квал гьабула рекIелъ бугеб чIухIиялъ, пахрулъиялъ. Амма кIочене бегьуларо хирияб хIадисалда абулеб бугеб: «РекIелъ хIургIанисебниги чIухIи бугев алжаналде лъугьунаро» абураб. КIочене бегьуларо тIадегIанаб хъулухъги, боцIиги, ресги гIицIго Аллагьас кьураб букIин, мун цIакъав, тIокIав вукIун щвараб гуреблъи. Бокьараб мехалда Аллагьас нахъе босизеги рес букIуна гьеб. Цо болжалалде щвезегIан кьураб букIуна, щукру гьабуни цIикIкIинабулеб, щукру тани дагь гьабулеб гIадатги буго.

### ТIадчагIаз риччалел гъалатIал

Буюрухъ кьолаго тIадчияс жиндирго хIалтIухъабазда цебе масъала лъезе ккола чIванкъотIун ва жиндие къваригIараб иш тIасанкIалалъ абичIого, мухIканго бичIчIизабизе ккола. ГIемеразул букIуна чIванкъотIун пуланаб иш гьабеянги абичIого, хадуб семулеб гIадат, щайдила гьадин гьабичIеб, дие додин къваригIун букIанин.

* Гьабураб хIалтIухъ гIадамазе жиндир заманалда мухь кьезе ккола ва гьеб кватIизабизе бегьуларо. Чанги рукIуна моцIаз харж кьечIого гIадамазе гIакъуба кьолел. Гьеб жо зулму ккола. ХIадисазда абун буго зулму гьабурасул дугIаялдаса цIунагиян, гьелъие жаваб гьабулин капур чиясул дугIа гьеб батаниги. Цоги хIадисалда буго, гьабураб хIалтIухъ мухь кьейин хIалтIухъанасул гIетI бакъвалалде,-абун.

* Чагъир, гIаракъи хIалтIуда гьекъолел камуларо, киниги гьеб цIакъ кIудияб мунагь буго, Аллагьас хIарам гьабураб.

* ГIадамал инжит, хIакъир гьаризе бегьуларо, кигIан кIудияб хъулухъалда вугониги. Чорокаб мацIалдалъун гIадамазде ахIдон яхI хвараб хIалалъ хьвадизе бегьуларо. Исламалъ чиясул биги, боцIи-малги, къадруги хIарам гьабун буго. Гьелда хъвазе, чиясул къадру хвезабизе бегьуларо. Цо-цо тIадчагIаз цогидал рекъечIеб рагIи абун инжит-хIакъир гьарула, ай жидее данде ккечIел, гьелдаса хадуб цогидазулги гьев чиясдехун бербалагьи хисула. Чиясдасан гъибат, бугьтан гьабуни, къадру хвезабуни, кигIан тавбу гьабуниги гьеб къабуллъизе ккани цин гьев чиясдаса тIаса лъугьин тIалаб гьабизе ккола.

ГъалатI кколарев чи вукIунаро, амма унго-унгояб тIадегIанлъи букIуна гъалатIги бичIчIун гьелдаса тавбуги гьабун, хадубккун гьеб цIунизе кIварав ва гьелде вуссинчIого чIезе кIолев чиясул.

### ХIалтIухъабазе гIадлу кин гьабилеб?

Чанги букIуна хIалтIухъабаз жидерго тIалабал лъикI тIуразаруларого, гьезда щай гьедин бугебан кIалъазе тIадвугесде кколеб къоги. Гьединал суалазулъ бищун кIвар бугеблъун буго ритIухълъи цIунун, сабру хвезе течIого кIалъазе лъай. ХIалтIаби батIи-батIиял рукIуна, хIалтIухъабиги батIи-батIиял рукIуна, хIалтIул кIвар бугелги, щибго ургъел гьечIого хьвадулелги камуларо. Кинабго хIисабалде босун, ритIухълъиялда гьабизе ккола хIакимчияс тамихI. Къурав, данде жо абизе кIоларев хIалтIухъанасде кидаго ахIдон, семун, гъалатI ккарав гIагарав вугониги щибго абичIого гьабулеб гIадлу-низамалъ гIадамал ратIа гьарун вукIине бегьуларо. Семизе кколев вугони, цогидазда цеве семичIого, батIаго вачун гIайиб ккун букIин бичIчIизабизе рекъараб букIуна. ЛъагIалил ахиралда ва цогидалги гIидалъул къояз кьолеб напакъа (премия) гIадамал ращад гьарун кьезе ккола. Кибго ва сундулъго ритIухълъи цIунила. Кинавлъун вукIине кколев хIакъикъияв хIакимали мухIканго хъван буго имам Аль-Гъазалияс жиндирго «ТIадчагIазе насихIатал» абураб тIехьалда. Цоги, жакъа жамагIаталъул киналго рухIиял унтаби ва гьезие дарабиги рехсараб кутакалда кIвар бугеб тIехь буго Дагъистаналъул муфти, щайих АхIмад-хIажи афандияс хъвараб. Гьеб тIехь щивав хъулухъчиясул столалда тIад бугони, гIемерал гъалатIаздаса, мунагьаздаса, такъсираздаса цIунаравлъун, битIараб нух тIаса бищизе лъалевлъун вукIина.

# Рагъулъ атеист вукIунаро...

## Чачаназул рагъул лъугьа-бахъин

ТIоцебесеб Чачаназул рагъул ахиралда дун, гIурус офицер, кверде восана. Дида цадахъ камералъув вукIана цо херав чи – слесарьги. БитIахъе бицани гьеб букIана жужахI. Гьединлъидал ракIа-ракьанде щун бицун ракIалде щвезабизе бокьун гьечIо. Къокъго абуни гIадамазул кIудияб къукъаялъ малаца вухулаан, рекун рукIана хьабалахъа гIучIал, битIухъе бицани тIутIун ралаан. Цо нухалъ дихъе автомат кьуна «Дуца гьав херав чIвани, мун къватIиве виччалилан». Дица инкар гьабуна: гьеб мехалъ бадиреги ралагьун горбодасан нус бачана. Гьеб мехалъ дир ботIролъ пикру паркъана «гьанже сундулго батIалъи гьечIин, дун доб дунялалда вугин». Гьенивги чакмабаз мерхьана ва нахъе ана. Нахъисеб къоялъ дида хIалалъ гурони вахъине кIолароан.

Гьедин хвалда цеве чIун вугеб мехалда дир тIоцебесеб пикру букIана: хадуб щиб букIинеб?-абураб. РакIалдаго гьечIого ТIадегIанасда божуларев дир ботIролъе бачIана, Гьесде гьардеялъул пикро. ГIадада гурелъулха абулеб рагъулъ атеистал рукIунарилан. АскIоб букIиндалха хвел…. Гьеб тIаде щвезе бегьулаан бокьараб мехалъ, щибго щаклъи букIинчIо. Херавги гьелде щвезегIан коммунист вукIарав чи вукIана. Дица гьесда абуна: рачIа ТIадегIанасде гьардезин,-абун. Дун накалда чIана, херасги гьединго гьабуна. Нуж бицун божиларо, гьеб къоялдаса нахъе ахIвал-хIал хисараб куцалъул, байбихьана нилъералги дозулалги асирал хисизе. Цо хъаравулас диде ахIизецин ахIана; «Ле, майор, гIинтIаме дуца, дур ракI хоге. Бихьуларищ дир квер лъукъун буго. Гьаб нужераз гьабураб буго»,-абун. Лъим кьезе лъугьана. Гьеб букIана гIумроялде тIоцебесеб хьул...

КIиабилебги гIазаб бачIана ракIалда гьечIого. Апрелалда жеги гIазу биун букIинчIо. Херав квачан вукIана. Гьес жинцаго жиндаго абулеб букIана; живго жинцаго чIвани гурони, гьаб хIал тIокIаб хIехьезе кIоларин. Гордуялъул бекараб цIорол кесекалъ гьес венаби къотIана. Гьеб ишалъе дир тIоцебесеб пикру букIана «мунагь»,-абун. Къасе гьесул гьаркьихъе ворчIана дун, венаби къотIизе кIвечIого бида велъун вугоан гьев. Дица гьесухъа босун цIорол кесек добегIан рехана ва абуна: «херав рачIа ТIадегIанасда гьардезин»,-абун.

Гьаб нухалдаги хвасар гьаруна ниж Гьес. Ниж цойги дагьабго лъикIаб камералъуре рахъинаруна. Гьениб дир кверальухъе щвана цо кинабалиго дугIа тIад бугеб тIогьилаб тIамач. ТIадегIанас рехарабгIанги вохун дица бахчана гьеб. ХIалтIизе къватIире ниж гъолел мехалъ цIалулаан дица гьеб.



Цо нухалъ дида хадурчагIи рачIана ва «доб дунялалде витIулев вуго»,-ян абуна. Вачана рикIкIадаб районалде, гъуна бокьое ва пакетги бетIералда бухьун гъанкъулев вукIана. Приказ кьуна: «РетIел бахъе, гьабсагIаталда хвела живго гьой гIадин». Дица ретIел бахъана ва гьикъана «Как базе ихтияр кьеларищ?»,-ян. «Бай»,-ян ихтияр кьуна. Накабазда чIана, как бана ва дун тIубанго гIодове виччан ана. Дида речIчIизе байбихьана холостиял патроназ. Рехана машинаялда жаниве, нахъе вачана ва добго «речIчIулеб» спектакль такрар гьабуна, 26 июналъ дун эркен гьавуна, хисана жидергоязухъ. Дун ТIадегIанас хвасар гьавуна. Гуребани дун гIадав гIурус майорасе хвасарлъизе рес бугеб бакI гьеб букIинчIо…

ТIадегIанасде нилъ гьардолеб мехалъ нилъее гьес хъвараб къисматцин хисизабизе кIолеб буго. Божуларевлъун хутIаравани дун хвезе кколев вукIана. Гьеб подвалалъуб ТIадегIанас дие кьуна божи. Рокъове вуссиндалги рана дица Гьесие какал ва хъулухъалда лъалездаги бицана «Гьес дун хвасар гьавунин».

***Алексей***
***Москва область. Интернеталдаса.***

# Рукъ бацIцIад бугеб гIоларо...

(Гъоркьоб лъолеб буго Х. ХIасановалъул «Культурялъул бицуна нилъер рацIцIа-ракъалъиялъ»,- абураб макъала

Хадижат ХIасановалъул «Культураялъ бицуна нилъер рацIа-ракъалъиялъ»,-абураб макъала цIалидал дирго рижарал пикраби загьир гьаризе бокьун буго дие.

Нилъер ансадерил гIадамал кидаго рикIкIуна рокъор-къватIир хьвадизе лъалел, квер берцинал, рацIа-ракъалъиялъул гIадамаллъун. Амма гьанже сверухъе балагьараб мехалда гьединаб къимат кьеларо нилъер росдае. МоцIида жаниб цо нухалдагIаги бегьуларищ нилъерго къватI лъухьизе. Мусор базе ине бегьуларо гьанже нилъер гIадамал, гьез ритIула гIисинал лъимал. Цебе ккараб бакIалде гьебги рехун рачIуна гьел, цIорол шушби рукIуна къватIазда, ганчIал речIчIун гьел рекула лъималаз, рихьаниги аскIосан унел чIахIияз гьеб жо гьабизе бегьуларо,-ян абуларо.

Нилъеда киназдаго бихьула; хуриса бахъараб чIахI-хер къватIибе бала, гIадамазул хIатIикье, боцIуца кваналин абиланги абун, гьеб бала цIакъго жидецаго жалго рацIадалин рикIкIунел гIадамаз. Пылесосалъул таргьа букIуна каву тун къватIибехун чIехьон, азбар-къоноги лъухьун къватIибе ккезабула чороклъи. Гьединищха рацIалъи гьабулеб? ГIидалъул къоялъцин къватI лъухьуларелги руго гIадамал. Гьеб кинабго гьабулелги руго гIадамал. Гьединазул къотIносан унаго лъала рацIалъи гьабулел ратIа гьаризе, рукIуна чияр къватI лъухьулелгицин, гьезда бахьараб щциналъ. Мунагьал чураяй МаллахIумил Разият йигеб мехалда, моцIрол ахирисеб къоги чIезабун тIубараб росдацаго гьабулаан рацIцIалъи жиде-жидер къотIноб. Гьанжеги гьедин гьабулеб бугебани кигIан кIудияб рацIцIалъи букIинебан нилъер росулъ.



ГьечIеб бакIалда чIухIи гьабичIого, бокьилаан киназго цадахъ росо тIарадасан ахаде щвезегIан цо къоги бихьизабун, цебе гIадин къватIазда рацIцIалъи гьабизе, гьедин гьабизе нилъеда - руччабазда рекъарабги буго, нилъ руго рацIцIалъиги цIунулел, гьеб гьабизеги тIадал чагIи.

РацIцIалъиги гIадлуги Алжаналъусан бачIарабилан абулелъул, нилъее гьелъул Аллагьасул рахьалдасан кириги гIадамазул рахьалдасан баркалаги букIинаан.

**ХIалимат МУХIАМАДОВА.**
**Унсоколо музеялъул хIалтIухъан**

**Пайдаяб малъи**

# ЦIам рекъон кванай

*(ЦIамуца бидурихьал гьарула хъачIаллъун, согIаллъун, гьелъ захIмалъизабула почкабазул хIалтIи, къотIизабе цIам-хIалаб квен кванай)*

**Кин нилъ цIамуца чIвалел?** ЦIамуца бидурихьал гьарула хъачIаллъун, согIаллъун, жанир лъугьинарула цо клетка гIанисеб тIеренаб гьат эндотела. Эндотелаялъ жаваб кьола сосудазул тонусалъул. Гьелъул хIалтIи хвезабула цIамуца, гьелъ байбихьудаго сосудал чIахIалъун рачIине толаро, амма хадуб цебе букIараб хIалалде рачIуна. Цо дагьабниги бакIаб хIалтIи чияс гьабуни цIикIкIуна пульсалъул кьаби, бахуна давление. ЦIамуца захIмалъизабула почкабазул хIалтIиги. Организмалъулъа хIажат гьечIеб натрия нахъе инабичIони, захIмалъиялда хIалтIула къасде гьеб, гьедин бахуна давление.

**Норма бугищ?** КигIан хIажалъулеб цIам? Сахлъи цIуниялъул ТIолгодунялалъул норма чIезабун буго суткаялда жаниб повареният цIамул 5 гр. кваназе. Россиялъулаз абуни гьеб кваналеб буго суткаялда 9-12 гр. КигIан цIамал рукIунеб гьаналъ, овощалъ, злаказдаги? Амазонкаялъул индейцаз кванилъ цIам хIалтIизего гьабуларо ва лъилниги давление букIунаро.

**Кинаб хIал бугеб дур сосудазул?** Гьеб лъалел къагIидаби руго. Ультрозвуковияб цIехрех – гьеб буго бищунго гIадатияб, амма гьелъ бихьизабула гIицIго бидурихьал къварилъун ругищ гьечIищали. Сосудазул эластичность гьелъ бихьизабуларо. Лъазабизе кIола пульсалъулал волнабазул хехлъи, гьелдалъун лъала сосудазул стенкаби кигIаналъ хъачIлъун ругелали. ГIелъие пациентасул щиколоткаялда рала датчикал ва балагьула кигIанисеб заманаялъ пусковияб волна сосудазулъан унебали. Хадуб лъазе кIола сосудазул гIумро, гьеб цIикIкIун батани, гьезул цIидасан цIех-рех гьабизе ккола бляшкаби ругищали. Цин гьел лъугIизаризе ккола.

**Кин рационалда цIам дагь гьабилеб?** Росуге полуфабрикатал, нужеда лъаларо гьениб кигIан цIам бугебали. Нужецаго хIадурулагоги дагь гьабе гьеб.

Босулеб продукталъул упаковка цIале, цIамул къадар лъазабе. Упаковкаялда бихьизабухъе цIам гIицIго хлорид натрия кколаро, ккола сульфат натрияги, бензоат натрияги, глюкомат натрия ва цитрат натрия.

Те жибго квен цIамхIалаблъун гьаби, дагьдагьккун ругьунлъе цIам гьечIеб кванде. Хадуб нужее гьеб бокьизе буго.

# Благодарность от родителей



Родители учеников 4 «а» класса МКОУ «Шамилькалинская СОШ» Унцукульского района выражают слова благодарности в адрес учителя начальных классов Патиналаевой Патимат Магомедовны. В преддверии выпуска они, помня и уважая ее труд, решили, что будет правильным поблагодарить ее за все, что она сделала для их детей.

«Уважаемая Патимат Магомедовна, примите слова искренней благодарности за достойный вклад в воспитание подрастающего поколения! Ваша деятельность - пример энтузиазма и самоотдачи. Ваша работа с родителями всегда отличается чуткостью и вниманием.

От всей души наша признательность и родительская благодарность Вам - педагогу с большой буквы, талантливому руководителю и прекрасному человеку!

Вы научили наших детей писать, читать, дружить, уважать. Грели их теплом и лаской рук. Столько сил и труда Вы вложили в каждого из них. Вы настоящий педагог, который предан своему делу. Мы хотим пожелать только благодарных и старательных учеников. Мы всегда будем признательны Вам. Наши дети будут вспоминать вас с теплом, и Ваша основная в том заслуга. Ведь им по жизни очень повезло: учителем Вы стали им и другом! Восхищается Вами целый класс, хотя Вы их и в строгости держали».

После сказанных родителями теплых и прекрасных слов мы коллектив «Единой информационной службы» не можем оставаться равнодушными, и хотим от всей души выразить благодарность Патимат Магомедовне и в ее лице всем учителям начальных классов. Пожелать им здоровья, благополучия, успешной деятельности, уважения, великих сил, терпения, доброго настроения, счастья и любви.

**Быть первым учителем – это призванье!**
**В мир знаний впервые Вы нас повели!**
**Родным человеком для класса Вы стали**
**И личным примером учить нас смогли!**
**Спасибо за чуткость, любовь и терпение,**
**Мы лучше становимся с Вами, взрослей!**
**Желаем Вам счастья, добра, вдохновенья!**
**Успеха, здоровья и радостных дней!**

**Родители**

# Дагъабго гьими

ГIадлуги гьабун рукъалъул бокIнида чIезаврав васас инсуда гьикъула: «дада, гьитIинаб мехалда дуда инсуца кьабулаанищ». «Кьабулаан»,-ян абула инсуца. КIудияв инсуда кьабулаандай инсуца «Агьа, кьабулаан»,-ян жаваб кьола инсуца. Гьесул инсуца кьабулаандай васасда?,-ян цIехана васас. Кьабиларищха, кьабулаан. – Бокьилаан лъазе тIоцебе кинав ахIмакъас кьабулеб къагIида байбихьарабали,-ян абуна васас.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора 89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 20. 5. 18 г. 14. 20 фактически -16. 50 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.